# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क एनेक्सी भवन में जन–प्रतिनिधियन अउर अधिकारी लोगिन के साथे विकास कार्यन अउर कानून व्यवस्था क समीक्षा कइलें। बइठकी में उहां के अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलीं कि हर प्रोजेक्ट बदे एगो नोडल अधिकारी नामित कइल जाव अउर उनसे प्रोजेक्ट क साप्ताहिक प्रगति क जनकारी लिहल जाव। सथहीं हर प्रोजेक्ट क सीनियर अधिकारी पाक्षिक समीक्षा जरूर करें। श्री योगी कहलें कि जवन विकास परियोजनन बदे जमीनि क अधिग्रहण कइल गइल हौ ओइजा जमीनि क रजिस्ट्री में तेजी लावल जाए अउर जल्दी से जल्दी मवाजा क वितरण सुनिस्चित कइल जाव। बरखा क मौसम के नगिच्चे भइले क चरचा करत मुख्यमंत्री कहलें कि बरखा भइले पर कत्तो जलभराव न होखे पावे ई सुनिस्चित करे के होई। बाढ़ बचाओ से जुड़ल परियोजनन क समीक्षा करत मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन से कहलें कि ऊ लोगि जनप्रतिनिधि लोगिन के साथे बांध क दौरा करें अउर ओकर मजबूत भइल सुनिस्चित करें। कानून व्यवस्था क समीक्षा करत श्री योगी कहलें कि अपराध अउर अपराधियन बदे जीरो टॉलरेंस क नीति जारी रहे के चाही।

एहसे पहिले मुख्यमंत्री गोरखपुर क शहीद अशफाकउल्ला खां चिड़िया घर में बब्बर सेर अउर सेरनी के उनके बाड़ा में प्रवेस करवलें। ई दुन्नो दुर्लभ वन्य जीव के पछिला महिन्ना इटावा लायन सफारी से ले आवल गइल हौ।

**********

देस में नया आपराधिक कानून एक जुलाई से लागू हो जाई। एहमन भारतीय न्याय संहिता– दुइ हजार तेइस में स्नैचिंग के सम्बन्ध में कई दण्ड क प्रावधान कइल गइल हौ। धारा तीनि सौ चारि में स्नैचिंग के एगो अलगि अपराध के रूप में चिन्हित कइल गइल हौ, जेहमें तीनि बरिस क जेलि अउर जुर्माना निरधारित हौ। अदालति मामिला क गम्भीरता, अपराधी क पछिला रेकार्ड आ अउरियो कारकन के आधार पर समय अउर जुरमाना क रासि निरधारित करे ले। जो त ई कउनों समूह चाहे गिरोह द्वारा कइल जात हौ त ई छोटहन संगठित अपराधो में आवे ला। स्नैचिंग में धमकी चाहे सारीरिक नोकसान क अनुपस्थिति के नाते आईपीसी के हिसाबि से स्नैचिंग में आम तौर पर डकइती के तुलना में कम सजा होले। भारतीय न्याय संहिता में चोरी में सहमति के बिना चल सम्पत्ति लिहल सामिल हौ, बाकिर जरूरी नइखे कि बल प्रयोग कइल जाव। एकरे अलावा छीनाझपटी भइले पर पीड़ित अक्सर सम्पत्ति क नोकसान के अलावा सारीरिक अउर भावनात्मक आघातो झेले लें। येह बाति के कानून में जगहि दिहल गइल हौ। सथहीं जवने मोबाइल फोन में संवेदनसील व्यक्तिगत डाटा, वित्तीय जनकारी अउर पासवर्ड होला, ओके अलगे से छीनले के काम क अपराध बना के संरक्षित कइल गइल हौ।

**********

कुवैत क मंगाफ सहर में बीतल बुद्ध के सबेरे एगो बहुमंजिली इमारत में लागलि आगि में झुलसि के मरे वाले प्रदेस क तीनि नागरिकन क सव के मुख्यमंत्री के निरदेस पर बिदेस मंत्रालय के कोसिस से उनके निवास स्थान पर पहुंचा दीहल गइल हौ। मरे वालन में गोरखपुर जिला क गुलरिहा इलाका क भम्मौर गांव क रहवइया जयराम गुप्ता, गोरखनाथ इलाका क जटेपुर उत्तरी क रहवइया अंगद गुप्ता अउर बनारस क रहे वाला प्रवीण माधव सिंह सामिल हवें।

**********

साहित्य अकादमी येह बरिस साहित्य अकादमी बाल साहित्य पुरस्कार अउर साहित्य अकादमी युवा पुरस्कार क आजु घोसणा कइलस। साहित्य अकादमी बाल साहित्य पुरस्कार बदे चउबीस लेखकन अउर साहित्य अकादमी युवा पुरस्कार बदे तेइस लेखकन क चयन कइल गइल हौ। अकादमी बतलस कि सज्जो चयनित लेखकन के पचास हजार रूपिया अउर एगो ताम्र पट्टिका दीहल जाई।

**********

अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के उपलक्ष्य में आजु से प्रदेस क कई जिलन में योग सप्ताह क सुरूआत भइल। येह मौका पर कई जगहिनि पर योग सिविर लगा के योगाभ्यास करावल गइल अउर संगोस्ठियन के जरिये जिनगी में योग के महातम क जनकारी दीहल गइल। गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में आजु से सात दिन ले चले वाला योग सिविर अउर सैक्षिक कार्यसाला क सुभारम्भ भइल। ई कार्यसाला योग दिवस यानी एक्कइस जून के सम्पन्न होई। गौतमबुद्धनगर अउर मिरजोपुर में सात दिन ले चले वाला योग सिविर के सुरू भइले क खबरि हौ।

**********

प्रदेस में भीसण गरमी अउर लुह क सिलसिला जारी हौ। मौसम विभाग प्रदेस में आजु से दुइ दिन बदे लुह क रेड अलर्ट जारी कइले हौ। बीतल चउबीस घंटा में कई जिलन में अधिकतम तापमान चउवालिस डिगिरी सेल्सियस के उप्पर दरज कइल गइल। प्रदेस के सज्जो मण्डलन में तापमान औसत से तीनि से छौ डिगिरी सेल्सियस बेसी बनल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से प्रदेस क पूरबी जिलन में दुइ दिन बाद गरज–चमकि के साथे हल्लुकाहे बरखा भइले अउर तापमान में गिरावट दरज कइल गइले क पूर्वानुमान हौ।

**********

प्रदेस में लगतारे चलि रहल भीसण गरमी अउर लुह के देखि के सासन की ओरि से परिषदीय स्कूलन क गरमी क छुट्टी चउबीस जून से बढ़ा दीहल गइल हौ। सथहीं लइकन बदे स्कूलन के अट्ठाइस जून ले बन्न रक्खे क फैसिला लिहल गइल हौ। छुट्टी बढ़ावल गइले के बारे में बेसिक सिक्षा महानिदेसक कंचन वर्मा आदेस जारी कइ दिहले हइनि।

**********